

Notifikasyon anyèl Lekòl Piblik Boston (BPS) sou amyant pou ane skolè 2020-2021

9 mas, 2020

Chè kominote Lekòl Piblik Boston,

Se priyorite prensipal nou pou n kreye anviwònman ki san enkyetid sekirite ak enkyetid sante pou tout elèv ak manm pèsonèl nou yo nan tout lekòl yo.

Lwa federal "Asbestos Hazard Emergency Response Act (AHERA)" (Repons Ijan pou Danje Amyant) egzije distri lekòl piblik yo enspekte lekòl yo pou materyo konstriksyon ki genyen amyant ladan yo, prepare kèk plan jesyon, epi pran kèk mezi pou fè prevansyon kont danje amyant nan lekòl yo, osinon diminye danje yo.

Genyen yon kopi Plan Jesyon AHERA anyèl lekòl ou a disponib nan biwo direksyon lekòl la pandan orè lekòl la. Ou kapab jwenn plan an nan yon klasè blan 3-sèk, ki make sou li "AHERA Management Plan" (ki vle di : Plan Jesyon AHERA).

Distri a kontinye ap siveye, mete ajou, e amelyore Plan Jesyon AHERA chak lekòl. Ou dwe dirije nenpòt kesyon ou genyen konsènan jesyon materyo konstriksyon ki genyen amyant ladan yo nan Lekòl BPS bay moun kontak deziyen distri a pou afè AHERA, Jeff Lane, ke w kapab kontakte nan imel jlane@bostonpublicschools.org, osinon nan nimewo telefòn 617-635-8300.

Mèsi,

Jeff Lane

Spesyalis anviwònman
Jesyon enstalasyon
Lekòl Piblik Boston